# Мастер-класс: «Нохчийн Республикин байракх»

Кечйинарг:

Кхетош-кхиорхо

Селимбаева Х.М.

dreamstime.

**1алашо:** белхан накъостийн (кхетош-кхиорхойн) Нохчийн Республикин символиках (байраках) долу хаарш совдахар; берашка нохчийн Республикин байракх йайтаран мехалла хаийтар; Даймахке, нохчийн халкъе безам кхоллар; Нохчийн Республикин символикан ларам бан 1амор; берийн къамел, синлаттам кхиор.

**Мастер – классан мехалла:** Таханлерачу дийнахь Нохчийн къоман дахарехь уггаре коьртаниг ду: шайн къоман истори йиц ца йар, т1екхуьучу т1аьхьенна нохчийн къоман истори а, символика а йовзийтар, патриотизм кхиор. Мастер-класс т1ехь гойтуш бу болх: берашца, кхетош-кхиорхошца кхочушбеш болу, патриотически дог-ойла кхиоран 1алашо йолу.

**Г1ирсаш:** дийцар «Нохчийн Республикин символика», к1айн кехат, фоамиран кехат (можа, баьццара, к1айн, ц1ен бос болу), бустаман сурт, тукар, латорг, салфеткаш, рама, клеёнка.

## Мастер класс д1айахьар:

**Кхетош-кхиорхо:** Маршалла ду шуьга, сийлахь мах хадорхой, хьоме белхан накъостий! Со цхьайтталг1ачу «Нана» ц1е йолчу берийн бешара кхетош- кхиорхо йу - Селимбаева Хедижат Магамедовна. Тахана аса гойтар йу мастер-класс «Нохчийн Республикин байракх» аппликаци а йеш муха йо. Лакхарчу а, ишколан кечамбаран йолчу а тобанашкахь кхочушйан мега х1ара аппликаци. Масала, Нохчийн Республикин Конституцин йа Нохчийн Республикин Маршонан де долуш.

**Берашца болх д1абахьаран дакъош.**

1. Берашна дийца деза Нохчийн Республикин Символикех (байраках) лаьцна. Х1ора пачхьалкхан билгалйина символика ю - байракх, гимн, х1ост. Нохчийн байракх-иза Нохчийн Къоман дозалла ду. Вайн байракх кхаа басех ю: баьццара, к1айн, ц1ен. Баьццара бос- иза 1алам билгалдеш бу. К1айн бос машарна а, дикаллийна а лерина бос бу. Ткъа ц1ен бос – майраллийн, ницкъалийн бос бу. Дашо (можа) нохчийн къоман бустам ду

к1айн мог1ан т1ехь. Можа бос бахаман, тешаман бос бу. Массо адаманна йовза а, лара а йеза шен къоман символика. Иштта вайн массера декхар ду, шен Даймахкан тешаме а,пайде а волуш хилар. Нохчийн символикан сий ца динарг, и сийсаза йаькхнарг-иза къоман мостаг1 лоруш ву вайн къомо;

2. Нохчийн Республикин байракхе а хьовсуш, цуьнан таллам бан беза;
3. Байракхан дакъош даха деза фоамиран кехатех (баьццара, к1айн, ц1ен). Байракхан барам шайна ма безза хилийта мега.
4. Можа фоамиран кехат т1е нохчийн къоман бустаман сурт а дуьллий, тукарца можа бустам баккха беза.
5. Можа бустам к1айн фоамиран кехат т1е лато беза.
6. К1айн кехат т1е лато деза байракхан дакъош, шайн рог1аллехь: хьалхара баьццара бос болу дакъа, шолг1а к1айн, кхоалг1а ц1ен. Ткъа аг1он т1е бустам болу к1айн кехат лато деза.
7. Нохчийн Республикин байракх рами чу йилла йеза.

   Аса а кхочушйина и аппликаци лакхарчу «Карусель» тобанехь. Бераша самукъа даларца бора болх. Нохчийн Республикин символикех долу хаарш к1аргделира берийн.

   Мастер-классан таро йу патриотизм кхиорехь дика кхиамаш бахийта.

   Баркалла тидам барна!